



# BEZWEN ÈD AVÈK IPOTÈK OU A?

Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay nan Massachusetts isit la.

## KONSÈNAN MASS HAF

Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay nan Massachusetts (Mass HAF) disponib pou pwopriyetè kay ki an reta nan peman ipotèk yo akòz pandemi COVID-19 la. Si sa apwouve, fanmi yo elijib pou jiska \$50,000 nan asistans. Objektif HAF se pou anpeche sezi ak deplasman pwopriyetè kay ki elijib yo. Mass HAF finanse pa American Rescue Plan Act (ARPA).

Aprè 30 Jen 2023, Mass HAF p ap aksepte nouvo aplikasyon ankò.

Apati 1ye Jiyè 2023, pwogram Asistans Rezidansyèl pou Fanmi an Tranzisyon (RAFT) ke eta finanse ap vin disponib pou pwopriyetè kay ki gen revni fèb ki gen risk pou sezi ipotèk. Lè sa a, pwopriyetè kay ki elijib yo ka aplike pou RAFT atravè [Pòtal Asistans pou Peman Lojman pou Ijans](#) Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè.

### Ou kapab kalifye pou Mass HAF si:

- ✓ Ou se pwopriyetè epi w ap viv nan yon kondominyòm, yon kay pou yon sèl fanmi, oswa yon pwopriyete pou 2, 3 oswa 4 fanmi nan Massachusetts
- ✓ Ou gen pou pi piti 3 mwa reta sou peman ipotèk ou
- ✓ Ou menm oswa yon moun lakay ou te gen revni yo bese, oswa depans yo ogmante, aprè 21 janvyè 2020 akòz pandemi COVID-19 la. Sa ki enkli pèt travay, mwens èdtan travay, peye plis pou gadri, maladi, oswa pa kapab travay paske ou te oblije pran swen yon manm fanmi.
- ✓ Ou respekte [limit revni pwogram nan](#) (limit revni yo se 150% nan AMI - revni medyan rejyon an)

### E SI M DWE PLIS PASE \$50,000?

Mass HAF ap peye jiska \$50,000 epi ajan sèvis ou a kapab ofri yon plan pou ede w ratrape sou rès montan ou dwe a. Ajan sèvis ou a se nenpòt moun ou peye ipotèk ou a.

### KIJAN MASS HAF KAPAB EDE M?

Si yo apwouve w pou Mass HAF la, w ap resevwa asistans pou peye vèsman ipotèk ki anreta yo. Si w genyen tou peman anreta sou taks sou pwopriyete, asirans, oswa frè ko-pwopriyetè/pwopriyetè, ou ka anmezi pou resevwa èd adisyonèl.

### ÈSKE M AP RESEVWA LAJAN AN DIRÈKTEMAN

**Non.** Si yo apwouve w, lajan an prale dirèkteman nan men founisè prè ipotèk ou a (konpayi ki resevwa peman ipotèk ou yo). Y ap enfòmè w sou konbyen asistans yo te bay ak kijan yo te itilize l.

### ÈSKE M AP BEZWEN RANBOUSE LAJAN AN?

**Non,** asistans la se yon sibvansyon, pa yon prè. Ou p ap gen pou w ranbouse lajan an.

## KIJAN POU M APLIKE? ?



Aplikasyon an anliy. Aprann plis epi aplike sou [massmortgagehelp.org](http://massmortgagehelp.org).  
Ou kapab tou ranpli yon ti tès depistaj sou entènèt pou wè si w kalifye. .

Aprè 30 Jen 2023, Mass HAF p ap aksepte nouvo aplikasyon ankò.

Apati 1ye Jiyè 2023, pwogram Asistans Rezidansyèl pou Fanmi an Tranzisyon (RAFT) ke eta finanse ap vin disponib pou pwopriyetè kay ki gen revni fèb ki gen risk pou sezi ipotèk. Lè sa a, pwopriyetè kay ki elijib yo ka aplike pou RAFT atravè [Pòtal Asistans pou Peman Lojman pou Ijans](#) Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè.



Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou Mass HAF oswa mizajou sou sitiyoasyon aplikasyon w lan, rele Sant Apèl HAF nan (833) 270 - 2953, Lendi-Vandredi, 10 a.m. - 8 p.m. (gen sèvis entèprèt ki disponib). Ou ka travay tou ak yon ajans konsèy lojman ki pa pou pwofi ki ka ede w aplike. Ou ka jwenn yon lis ajans konsèy lojman sou [www.massmortgagehelp.org](http://www.massmortgagehelp.org)

Si oumenm oswa yon moun ou konnen ap eksperimante yon kriz sante mantal ak/oswa panse swisid, tanpri rele oswa voye tèks 988, ki se nimewo nasyonal swisid ak kriz. 988 Suicide & Crisis Lifeline disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Ou ka jwenn aksè tou nan fonksyon chat sou sit entènèt la: <https://988lifeline.org/contact-the-lifeline/>

Si w ap chèche pwofesyonèl kalifye pou evalyasyon sante mantal ak/oswa referans sante mantal, tanpri kontakte Liy Asistans Sante Konpòtman Massachusetts la lè w rele oswa voye tèks nan 833-773-2445 (BHHL). Liy èd la disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou sou 7. Ou ka jwenn aksè tou nan fonksyon chat sou sit entènèt la: <https://www.masshelpline.com/contact/>

[massmortgagehelp.org](http://massmortgagehelp.org)

Pwojè sa sipòte, annantye oswa an pati, nan nimewo prim federal HAF0174 la pa Depatman Trezò Ameriken an bay Commonwealth nan Massachusetts.

